

**PENILAIAN AKHIR TAHUN
MADRASAH IBTIDAIYAH PSM NGALE
TAHUN PELAJARAN 2023/2024**

Mata Pelajaran	: B. JAWA	Hari/Tanggal	: Rabu, 27 Maret 2024
Kelas/Semester	: 6 / 2	Waktu	: 10.00 – 11.30

I. Pilihlah aksara a, b, c, dan d tumrap wangsulan kang bener !

Wacan ing ngisor iki kanggo pitakon no. 1 -5.

Globalisasi

Ing jaman saiki apa wae sarwa modern. babagan kasebut jalaran saka anane globalisasi. Globalisasi asale saka tembung *globe* kang tegese bola dunia, banjur dadi global sing tegese mendunia. Dadi sing diarani globalisasi yaiku donya kang tanpa wates jalaran saka majune ilmu pengetahuan lan teknologi mligine teknologi informasi.

Globalisasi duweni pangaribawa kang gedhe tumrap sawijining negara. Pangaribawa kasebut ana kang positif (apik lan nguntungake), ananging uga ana sing negatif (ala, ngrugekake, nggawa kapitunan).

- Irah-irahan wacan ing dhuwur yaiku...
 - Globalisasi
 - Modhern
 - Jaman saiki
 - Teknologi informasi
- Globalisasi asale saka tembung...
 - Goggle
 - Globe
 - bola
 - golbe
- Wacan ing dhuwur ana...alinea.
 - 1
 - 2
 - 3
 - 4
- Tembung *pangaribawa* ana ing alinea kaping nduweni teges....
 - pengaruh
 - pengarep – arep
 - tujuan
 - unen-unen
- Ing ngisor iki kang kalebu pangaribawa positif globalisasi yaiku...
 - Kapitunan
 - Nguntungake
 - ngrugekake
 - nyusahake
- Cangkriman yaiku unen – unen kang kudu di ...
 - apalne
 - .rungkne
 - bedhek
 - tulis
- Cangkriman” Langdikum ditasbir”. Tegese ..
 - Talang dikum dientas jebibir
 - Lulang dikum dientas babar
 - talang dikum banyune amber
 - lulang dikum dientas jebibir
- Cangkriman” rangsinyu muksitu” tegese jurang isi Gumuk isi ...
 - banyu, cuyu
 - watu, banyu
 - banyu, watu
 - lunyu, watu
- Batangane cangkriman pitik walik saba kebon yaiku...
 - salak
 - sulak
 - nanas
 - duren

10. Ing ngisor iki kalebu ciri-ciri cangkriman ,kajaba...
- | | |
|---------------------------|------------------------------------|
| a. nduweni sifat bedhekan | c. nganggo basa baku |
| b. nganggo basa kiasan | d. kadang nganggo basa tradisional |
11. Cangkriman kang nganggo tembung diwancah diarani cangkriman ...
- | | |
|--------------|------------|
| a. pepindan | c. tembang |
| b. blenderan | d. wancah |
12. Cangkriman kang nganggo tembung irib-iriban barang diarani ...
- | | |
|--------------|-------------|
| a. wancah | c. pepindan |
| b. blenderan | d. plesetan |
13. Bapak pocung ,bisa gereng bisa bengung
Ngambah jumantara
Kaya manuk rajawali
Wira wiri gawa barang lan manungsa
Apa batangane tembang pocung ing nduwur iku?
- | | |
|------------|------------|
| a. lawa | c. kucing |
| b. pesawat | d. layagan |
14. Tembang jumantara ing tembang pocung nomer 13 iku tegese ...
- | | |
|------------------|---------|
| a. awang - awang | c. bumi |
| b. langit | d. laut |
15. Bapak pocung, ... kaya kalung
dawa kaya ula,
pencokanmu wesi miring,
sing disaba si Pocung mung turut kutha
Ukara kang cocok kanggo jangkepi tembang pocung kasebut yaiku....
- | | |
|----------------------|--------------------|
| a. renteng – renteng | c. dawa-dawa |
| b. rentang – renteng | d. kuning – kuning |
16. Tembang pocung ana ... gatra
- | | |
|------|------|
| a. 4 | c. 6 |
| b. 5 | d. 7 |
17. Wanci dalu, bapak pocung medalipun.
Pedhotan tambang pocung iku guru lagune ...
- | | |
|--------|-------|
| a. pun | c. u |
| b. lu | d. un |
18. Cacahe wanda saben gatra/baris ing tembang iku diarani...
- | | |
|----------------|------------------|
| a. guru sastra | c. guru gatra |
| b. guru lagu | d. guru wilangan |

Wacan ing ngisor iki kanggo soal nomor 19-24!

.....

Dina Setu esuk, MI Al-Mubarak Sragen nganakake kunjungan industry menyang salah sawijine home industry pangan sing panggonane cedhak sekolahan, yaiku home industry kripik gedhang “Lestari”. Pabrik industri kripik gedhang iki kagugane bu Ninik.

Bu Ninik duwe home industri kripik Gedhang sing dijenengi Lestari, supaya usaha iki bisa Lestari terus tekan anak – putu. Usahane Bu Ninik produksi kripik Gedhang iki wiwit tahun 2010, awale mung didol neng omah lan disetorke neng kantin sekolahan karo toko-toko sekitare omah . amarga saka rasane sing enak , gurih lan renyah , uga regane sing murah mulane banjur saya maju lan saya gedhe usahane iku .

Pemasarane saiki bisa nganti teka kota se-Indonesia. Sebab pengaruh saka kemajuan teknologi , kripik gedhange bu Ninik dipasarake lewat online. Saiki konsumene kari pesen lewat online /wa . Saiki ngembangake variasi rasa wis ana, kayata: rasa coklat, rasa keju, lan rasa balado.

19. Irah-irahane sing pas kanggo wacan ing nduwur yaiku...

- | | |
|--------------------------------------|----------------------------------|
| a. Kegiatan dina Setu | c. Indusrtine bu Ninik |
| b. Kunjungan menyang industry gedang | d. carane indusrti kripik gedang |

20. MI Al – Mubarok nganakake kunjungan industry kripik gedang ing dina...

- | | |
|-----------|---------|
| a. Senin | c. Setu |
| b. Selasa | d. Ahad |

21. Ukara pitakon kang pas kanggo alinea kepindho yaiku...

- | | |
|---|---|
| a. Pira regane kripik gedang sak bungkus? | c. Ana ngendi daleme bu Ninik? |
| b. Rasa apa wae kripik gedhange bu Ninik? | d. Apa tujuane indusrti kripik bu ninik di jenengake “Lestari”? |

22. Usahane bu Ninik saya maju sebab ...

- | |
|--|
| a. rasane enak,gurih , renyah, lan regane murah |
| b. rasane enak, gurih,renyah , lan regane larang |
| c. rasane enak , gurih, lan regane larang |
| d. ana pilihan rasa sing akeh |

23. Tembung pokoke alinea katelu yaiku...

- | | |
|--|---------------------------------------|
| a. Pemasarane sak iki teka se- Indonesia | c. Saiki varian rasane ana lima |
| b. Usahane Bu Ninik maju saka pengaruh rasane enak | d. Saiki konsumene pesen lewat online |

24. Guneman ing sangarepe wong akeh supaya padha mangerteni apa kang diwedharake iku diarani...

- | | |
|------------|------------|
| a. guru | c. dhalang |
| b. pidhato | d. mulang |

25. Ing ngisor iki kalebu tegese wong sing nindakake pidhato, kajaba ...

- | | |
|-------------------|--------------|
| a. pamedhar sabda | c. sesorah |
| b. dhalang | d. pambiwara |

26. Bapak ibu , saha hadhirin ingkang minulya....

Wirausaha menika kegiatan bisnis ingkang dipun padosi kauntunganipun. Dados wirasahawan menika ngripta pendamelan tumrap masyarakat supados masyarakat ugi luwih majeng.

Irah-irahanl pidhato ing nduwur iku sing bener yaiku...

- | | |
|-----------------|----------------------|
| a. wirausahawan | c. wirausaha |
| b. pados untung | d. masyarakat majeng |

27. Ancase / tujuane pidato iku ana ...

- | | |
|------|------|
| a. 1 | c. 3 |
| b. 2 | d. 4 |

28. Pidhato kanggo nampa rawuhe tamu kang ana acara tanggap warsa iku diarani ...

- | | |
|-------------------|-------------------|
| a. atur pambagya | c. atur informasi |
| b. atur panglipur | d. atur pangajak |

29. Pidhato kang kanggo menehi panglipur supaya sing ngrungokake bisa lega lan seneng atine diarani ...

- a. atur pambagya
- b. atur pangajak
- c. atur informasi
- d. atur panglipur

30.

1. pambuka	a. wasana
2. isi	b. purwaka
3. penutup	c. surasa

Tembung kang bener kanggo ukara ing njero kolom sing bener yaiku ...

- a. 1a, 2b, 3c
- b. 1b, 2c, 3a
- c. 1c, 2b, 3a
- d. 1b, 2a, 3b

31. Mangga langkung rumiyin kita sareng – sareng ngunjukaken raos puji syukur dumateng Allah swt. Ingkang sampun maringi rahmat dumateng kita.

Pratelan teks pidhato kasebut kanggo...

- a. atur surasa
- b. atur wasana
- c. penutup
- d. atur purwaka

32. Ing ngisor iki kalebu jinise pidhato resmi yaiku ...

- a. pidhato ulang tahun
- b. pidhato reoni sekolah
- c. pidhato presiden
- d. pidhato karang taruna

33. Keranten bapak mubaligh sampun rawuh , para hadhirin diaturi jumeneng sak untawis kagem penghormatan. Tembung jumeneng pada karo ...

- a. lungguh
- b. ngadek
- c. meneng
- d. anteng

34. Ciri – ciri wira usaha yaiku kaya sing kasebut ana ing ngisor iki, kajaba...

- a. nduweni pikiran positif
- b. nduweni nyali kang jirih
- c. nduweni jiwa pemimpin
- d. nduweni watak kang kendel

35. Ing ngisor iki kalebu jinise metodhe pidato, kajaba ...

- a. pengajian
- b. apalan
- c. impromptu
- d. naskah

II. Wangsulana pitakon ing ngisor iki kanthi jawaban sing bener !

36. Jlentrehna pangartene globalisasi !

37. Sebutna loro (2) fungsine cangkriman!

38. Gawea tuladha cangkriman wancah 2 wae !

39. Tulisen tuladhane teks salam pambuka pidhato !

40. Ana pira perangane pidhato? Sebutna!